

Bonjou Geneviève,

mwen pwofite moman sa pou m remèsye tout moun lekòl N D de la Miséricorde ak tout moun nan Asosiyasyon Timoun lekòl ou menm espesyalman kap sipòte lekòl Union Des Amis, nou pral gen 35 ans, nan non pa m Rosena, nan non lekòl la nou voye yon gwo kout chapo pou nou.

Mwen ekri teks sa pou esplike nou kek bagay kap pase Ayiti. Depi mwen piti map grandi m te toujou wè Ayiti gen pwoblèm politik, sosyal, ekonomik kap boulvèse li. Men jèn yo, Ayisyen te toujou panse a yon demen miyò.

Men jounen jodi a nap viv yon sitiyasyon ensekirite san parèy, pa gen andeyò, pa gen la vil, tout moun nan kouri, gang pran preske tout peyi a, menm andeyò Anse à foleur gen anpli moun ki kouri kite kay yo, yo tiye yo, boule kay yo. Se yon sitiyasyon malouk, mangonmen, ensipòtab pèp ayisyen ap viv, e menm si kote wap viv la pa ta ge pwoblèm ensekirite, mantalman tout Ayisyen malad, ekonomikman nou tout pa kapab.

Nan tan lontan yo te di Ayiti pèldèzantiy, kounyeya se fyèl dèzantiy. Pifò peyi apanda kouri dèyè ayisyen. Pandan gen anpil Peyi ki di se zanmi ayisyen ap pale ak chèf gang, anpil politisyen mechan se zanmi gang, boujwa zanmi gang e malgre tout kouri sa yo se pèp la kap souffri nan tout fason se yo ki pèdi pitit y, mari yo, kay yo, pandan boujwa yo, politisyen yo ap pi rich, se nou menm pòv yo ki pa ka manje, ki pa ka ale lekòl. Ayiti pa pwodwi zam, li pa pwodwi bal, kote zam chè sa yo soti, kote bal sa yo soti. Gran peyi fè reyinyon sou reyinyon anyen pa an favè pèp ayisyen.

Nou konnen gen etranje ki zanmi Ayiti, gen ki pa zanmi ayisyen, gen ayisyen ki pa zanmi Ayiti tou sila yo kap voye achte zam pou touye pwòp ayisyen parèy yo. Lontan nou te nan gè ak lòt peyi e kounyeya se rat kay kap manje pay kay, se la bagay la pi konplike a. Si pa gen yon solisyon prese nan 10 zan ankò pifò Ayisyen ap mouri, ou fou paske nou pa kabap ankò mwen menm m dekouraje. strès ap fini ak nou paran ansanm ak jenès la pandan yo ale lekòl, e yo wè se gang kap byen pase e yo pa ka menm manje.`

Mwen pwofite remèsye ou menm Geneviève, Bernard, ak tout etranje ki sipòte nou sinon bagay la tap pi di pou kominote nou an ki pa gen pèsòn kap panse pou nou.

Rosena JEAN-BAPTISTE le 23 novembre 2024